

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Dina pangajaran Basa Sunda aya opat aspek kaparigelan anu kudu dihontal ku siswa, nya éta: ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis. Dumasar kana aktipitasna, kaparigelan basa kabagi jadi dua, aya anu sifatna réséptif jeung anu sifatna produktif. Kaparigelan maca jeung ngaregepkeun kaasup kana kaparigelan anu sipatna réséptif, sedengkeun kaparigelan nyarita jeung nulis kaasup kana kaparigelan anu sipatna produktif.

Salasahiji kaparigelan nu kudu dikawasa ku siswa nya éta kaparigelan nulis. Kaparigelan nulis mangrupa kaparigelan basa nu sipatna aktif, produktif, jeung eksprésif. Salian ti éta, kaparigelan nulis ogé miboga fungsi pikeun ngabantuan prosés mikir sarta mantuan dina ngébréhkeun gagasan, pamadegan jeung pangalaman kana wangun tinulis. Ku kituna, kaparigeln nulis mangrupa salasahiji kaparigelan basa anu perlu dipiboga ku siswa sangkan bisa komunikasi sacara tinulis (Fardiah, 2016).

Dina pangajaran nulis, tangtuna guru miboga peran anu kawilang gedé, sabab salian méré pangaweruh ngeunaan hal tinulis, guru ogé kudu bisa ngondisikeun siswa sangkan aktif jeung kréatif dina prakna ngalaksanakeun pangajaran nulis anu nyoko kana Kurikulum 2006 (KTSP). KTSP (Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan) nya éta kurikulum operasional anu disusun, dimekarkeun, jeung dilaksanakeun nyoko kana Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar.

Salasahiji bahan pangajaran nulis nu perlu diajarkeun ka siswa nya éta nulis laporan. Ieu pangajaran téh ditepikeun di kelas VIII. Laporan nya éta hiji wangun tinulis anu eusina ngeunaan hiji kajadian sarta pasualan anu aya patalina jeung éta kajadian. Éta laporan téh ditulis kalawan rinci dumasar kana hasil pangalamn, analisis atawa panalungtikan nu nulisna.

Sanajan aya dadasar anu jéntré, tapi dina prak-prakanna loba kénéh pasualan-pasualan nu nyampak, saperti pasualan anu aya patalina jeung alokasi waktu pangajaran, kurangna minat siswa dina pangajaran nulis Basa Sunda ku sabab dianggap hésé dina ngébréhkeun ide lantaran siswa can bisa ngagunakeun éjahan jeung kawatesan ku kosa kecapna. Salian ti éta, guru ogé kurang parigel dina ngalarapkeun modél pangajaran.

Hasil wawancara jeung Bu Rita (13/09/2016) salasahiji Guru Basa Sunda di SMP Negeri 12 Bandung nétélakeun, yén masalah anu karandapan téh dina pangajaran nulis laporan. Kanyataanna réa siswa anu miboga masalah dina prak-prakan nulis atawa nyieun laporan. Eta hal kapaluruh tina peunteun siswa anu aya di handapeun Kriteria Katuntasan Minimal (KKM). Salian ti éta, pasualan ieu téh bisa dititén tina hasil siswa nulis laporan nalika guru méré pancén ka siswa.

Masalah anu karandapan ku siswa téh, diantarana: (1) kurangna kamampuh siswa dina nulis laporan; (2) dina unsur linguistikna siswa masih kénéh hésé milih diksi atawa kandaga kecap; (3) adegan basana masih kénéh kamalayon, jeung; (4) tata tulisna masih kénéh acak-acakan. Salian ti éta, kurangna kamampuh guru dina ngondisikeun kelas, métode dina ngajar teu variatif anu ngabalukarkeun rendahna motivasi jeung karep siswa dina diajar.

Pikeun ngungkulán éta masalah réa cara jeung tarékah anu bisa dilaksanakeun, salasahijina ngagunakeun métode atawa modél pangajaran anu ngirut siswa sangkan siswa resep nalika diajar basa Sunda, hususna nalika pangajaran nulis laporan. Dina prak-prakanna teu aya modél pangajaran anu sampurna anu bisa dipaké dina sagala kaayaan. Ku kituna, guru kudu pinter dina milih modél pangajaran anu luyu jeung materi nu rék di tepikeun nalika prosés kagiatan diajar-ngajar lumangsung. Ku kituna, guru jadi bisa ngungkulán pasualan-pasualan anu disinghareupan ku siswa. Salian ti milih modél pangajaran, fasilitas jeung média gé kudu silihudeulel. Hal ieu luyu jeung hasil obsérvasi saliwat yén mayoritas siswa kelas VIII SMP Negeri 12 Bandung ngalaman masalah dina pangajaran nulis laporan.

Modél pangajaran *Filed Trip* mangrupa salasahiji modél pangajaran anu bisa dilarapkeun ku guru nalika pangajaran nulis laporan. Dipiharep modél pangajaran

Field Trip jadi salahsiji cara alternatif sangkan siswa leuwih aktif dina prosés diajar jeung bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis laporan. Modél pangajaran *Field Trip* atawa modél karya wisata mangrupa hiji modél pangajaran, hususna dina nulis. Prosés ngajarna dilaksanakeun ku cara ngajak siswa ka hiji tempat atawa objék anu tangtu di luar sakola pikeun néangan hal anu béda nalika diajar, siswa ogé bisa ningali objék sacara langsung (Roestiyah, 2012, kc. 85).

Aya sababaraha panalungtikan anu kungsi nalungtik maké modél pangajaran *Field Trip*, nya éta “Modél *Field Trip* Pikeun Pangajaran Nulis Carita Pondok (studi Kuasi Ekspérimén ka Kelas VIII-3 SMP Negeri 16 Bandung Taun Ajaran 2014/2015) ku Rita Rosita, Modél Pangajaran *Field Trip* pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Pangalaman Pribadi (Studi Kuasi ékspérimén di Kelas VII SMP Bina Dharma 3 Bandung Taun Ajaran 2015/2016) ku Istyanah Khoiryah. Hal anu jadi sasaruaan jeung nu rék ditalungtik téh nya éta modél pangajaran *Field Trip*. Ari anu ngabédakeunana nya éta matéri ajar, jeung sumber data nu rék di talungtik. Ku kituna, panalungtikan nu judulna “Modél Pangajaran *Field Trip* dina Pangajaran Nulis Laporan (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VIII H SMP Negeri 12 Bandung Taun Ajaran 2016/17)”, perlu dilaksanakeun.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, masalah dina ieu panalungtikan téh nya éta, kurangna kamampuh siswa dina nulis laporan, di antarana nya éta siswa masih kénéh héssé milih kecap atawa kandaga kecap, adegan basana masih kénéh kamalayon, jeung tata tulisna masih kénéh acak-acakan. Lian ti éta, aya ogé dina unsur non linguistikna, nya éta ngeunaan eusi jeung organisasi nulis laporan.

Kurangna kamampuh guru dina ngondisikeun kelas, jeung métode dina ngajar anu teu variatif, anu ngabalukarkeun rendahna motivasi jeung karep siswa dina diajar. Ku kituna, kudu aya modél pangajaran anu luyu, salahsijina ngagunakeun modél *Field Trip* dina pangajaran nulis laporan ka Siswa Kelas VIII H SMP Negeri 12 Bandung.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang masalah jeung idéntifikasi masalah di luhur, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- a. Kumaha kamampuh nulis laporan siswa kelas VIII H SMP Negeri 12 Bandung taun ajaran 2016/2017 saméméh maké modél pangajaran *Field Trip*?
- b. Kumaha kamampuh nulis laporan siswa kelas VIII H SMP Negeri 12 Bandung taun ajaran 2016/2017 sabada maké modél pangajaran *Field Trip*?
- c. Naha aya bédha anu signifikan atawa henteu kamampuh nulis laporan siswa kelas VIII H SMP Negeri 12 Bandung taun ajaran 2016/2017 antara saméméh jeung sabada maké modél pangajaran *Field Trip*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Saluyu jeung rumusan masalah anu di pedar di luhur, tujuan umum nu hayang di talungtik téh nya éta pikeun nguji bédana kamampuh dina pangajaran nulis laporan siswa kelas VIII-H SMP Negeri 12 Bandung taun ajaran 2016/2017 saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Field Trip*.

1.3.2 Tujuan Husus

Luyu jeung masalah di luhur, tujuan husus dina ieu panalungtikan téh pikeun ngadéskripsiikeun:

- a. kamampuh nulis laporan siswa kelas VIII H SMP Negeri 12 Bandung taun ajaran 2016/2017 saméméh maké modél pangajaran *Field Trip*;
- b. kamampuh nulis laporan siswa kelas VIII H SMP Negeri 12 Bandung taun ajaran 2016/2017 sabada maké modél pangajaran *Field Trip*; sarta
- c. signifikan atawa heunteuna bédha kamampuh nulis laporan siswa kelas VIII H SMP Negeri 12 Bandung taun ajaran 2016/2017 antara saméméh jeung sabada maké modél pangajaran *Field Trip*.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis ieu panalungtikan dipiharep bisa ngajembaran pangaweruh ngeunaan modél-modél pangajaran anu bisa dipaké dina pangajaran nulis laporan. Hasilna dipiharep bisa ngaronjatkeun kréatifitas guru dina ngagunakeun modél pangajaran sangkan prosés diajar-ngajar teu monoton. Salian ti éta dipiharep ogé bisa leuwih ngaronjatkeun kamampuh nulis siswa dina pangajaran di sakola, sarta bisa ngaronjatkeun minat siswa pikeun resep diajar basa Sunda.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Unggal panalungtikan anu dilaksanakeun tangtu miboga mangpaatna. Ieu panalungtikan ogé miboga mangpaat pikeun siswa, pikeun guru, jeung pikeun lembaga atikan, diantarana:

- a. Pikeun siswa, ieu panalungtikan téh dipiharep bisa ngaronjatkeun minat jeung karesep siswa dina kamampuh nulis laporan.
- b. Pikeun guru, ieu panalungtikan téh dipiharep bisa méré gambaran modél pangajaran nu cocog pikeun dipaké dina prosés pangajaran nulis laporan.
- c. Pikeun lembaga atikan, hususna di Departemén Pendidikan Bahasa Daerah, pikeun nambahán référensi, utamana hasil panalungtikan ieu aya patalina jeung dunya atikan pikeun bahan pangajaran di sakola-sakola.

1.5 Raraga Tulisan

Sistematika dina nyusun skripsi bisa diwincik saperti ieu di handap.

Bab I Bubuka, nu ngawengku kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II Ulikan Pustaka, nu ngawengku ngeunaan ulikan tiori, panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir. Ulikan tiori anu ngawengku wangenan modél

pangajaran, modé'l pangajaran *Field Trip*, wangenan nulis, wangenan laporan jeung sagala hal anu aya patula patalina jeung matéri pangajaran.

Bab III Métode Panalungtikan, nu ngawengku métode panalungtikan, anu ngawengku desain panalungtikan, sumber data (populasi jeung sampel), téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, jeung téhnik nganalisis data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, nu eusina ngeunaan kamampuh nulis laporan siswa saméméh dilarap kun modé'l pangajaran *Field Trip*, kamampuh nulis laporan siswa sabada dilarapkeun modé'l pangajaran *Field Trip*, béda kamampuh nulis laporan siswa saméméh jeung sabada dilarapkeun modé'l pangajaran *Field Trip*, sarta pedaran hasil panalungtikan modé'l pangajaran *Field Trip* dina pangajaran nulis laporan.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékomendasi, nu ngawengku ngeunaan kacindekan tina hasil panalungtikan, implikasi jeung rékomendasi ti panyusun.